



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 17 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MANM YO KI FÈ PATI NAN KOMISYON LEKÒL ENTELIJAN YO

Komisyon an pral bay rekòmandasyon sou maksimize investisman de \$2 bilyon nan Inisyativ Bon Lekòl Entelijan yo pou transfòme ansèyman ak Aprantisaj

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke manm yo ki nan Komisyon Lekòl Entelijan yo, ki pral gen responsab pou bay Eta konsèy sou fason pou pi byen investi pwopozisyon \$2 bilyon dola nan Lwa Bon sou Lekòl Entelijan yo nan fason pou amelyore ansèyman ak aprantisaj nan teknoloji. Gouvènè a te pwopoze inisyativ Lekòl Entelijan pandan Diskou Eta sou kondisyon Eta 2014 nan fason pou re-imaginer lekòl piblik New York pou 21yèm syèk.

“Se yon reyalyte senp ke diferans lan rete nan sistèm edikasyon nou an, avèk kèk lekòl ki bay aparèy tablèt nan klas 1^{yè} ane kote pyès ekipman elektwonik ki pi sofistike se yon metal detektè ke elèv yo ap mache sou wout salklas la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan diskou Eta sou kondisyon Eta, nou te mande pou yon inisyativ \$2 bilyon dola lekòl entelijan yo pou transfòme salklas nou yo konparativman a salklas yè yo pou rive a saklas demen yo. Komite a pral ede gide inisyativ kouraje sa a ak re-imaginer salklas nou yo pou bay elèv New York yo konpetans yo bezwen pou reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la.”

Avèk aksè a teknoloji avanse ak yon kourikoulòm ki pi entèaktif nan salklas la, elèv yo gen plis chans pou yo aprann nan pwòp ritm yo ak jwenn konpetans nesè pou reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la. Anplis, amelyorasyon yo nan teknoloji ka itilize pou ogmante frekans kominikasyon ant paran ak pwofesè yo, ansanm avèk ofri plis asistans ak fòmasyon atravè sit sou entènèt.

Si li apwouve pa votè yo nan Eta nan mwa novanm, finansman nan Lwa Bon sou lekòl entelijan yo ta itilize pou amelyore teknoloji edikasyon nan lekòl yo, avèk pwojè ki elijib tankou acha teknoloji pou saklas ki pral itilize pa elèv ak pwofesè yo, ansanm avèk amelyorasyon ensfrazstrikti pou pote entènèt a wo vitès nan lekòl yo ak nan kominote ki nan distri lekòl yo. Anplis, Lekòl Entelijan yo pral pèmèt investisman alontèm nan jounen konplè salklas pre-k atravè konstriksyon nouvo espas salklas pre-k, ranplase salklas mobil yo avèk espas salklas pèmanan ak fè investisman nan pwojè sekirite lekòl wo teknoloji.

Haitian Creole

Manm yo ki nan Komisyon Lekòl Entelijan yo se :

Eric Schmidt, Prezidan Egzekitif ak ansyen PDG Google: Mesye. Schmidt te rantre nan Google nan ane 2001 e li te ede devlope konpayi an ki soti nan demaraj Silicon Valley a yon lidè mondyal nan teknoloji. Li te travay kòm Ofisyè Egzekitif Anchèf Google soti nan 2001 pou rive a 2011, kontwole estrateji teknik ak biznis konpayi an ansanm avèk fondatè Sergey Brin ak Larry Page. Sou lidèchip li Google te konsiderableman pwopòsyone enfrastrikti l ak divèsifye pwodwi lap ofri yo pandan lap kenbe yon kilti inovasyon solid.

Mesye. Schmidt te deklare, “Pou prepare elèv jodia yo pou fè konpetisyon nan ekonomi inovè mondyal la, lekòl yo bezwen pou bay anviwonman edikasyon modèn ki gen ladan dènye teknoloji. Efò Eta New York pou amelyore salklas yo avèk enfrastrikti enpòtan tankou entènèt a wo vitès ak pou ekipe elèv yo avèk aparèy dijital se premye etap nan atenn objektif sa a.”

Geoffrey Canada, Prezidan ak PDG pou Children’s Zone nan Harlem: Nan 30 ane l avèk Harlem Children’s Zone, Inc., Mesye. Canada te vin rekonèt nasyonalman pou travay pyonyè l nan ede timoun ak fanmi yo nan Harlem e kòm yon defansè pasyone pou refòm nan edikasyon. Magazin New York Times rele Harlem Children’s Zone “youn nan eksperyans politik sosyal ki pi anbisye nan epòk nou an.” Nan oktòb 2005, Mesye. Canada te nome kòm youn nan “Pi bon lidè Etazini” pa News ak World Report, e nan mwa ki sot pase a Fortune te nome l kòm youn pami “50 Pi gwo lidè nan mond lan.”

Mesye Canada te deklare, “Mwen kontan paske mwen ka ede lekòl Eta New York chanje chans pou timoun li yo atravè teknoloji edikasyonèl modèn eta. Pandan ou genyen yon gwo pwofesè nan chak salklas toujou enpòtan, teknoloji ka ranfòse kapasite yo pou rive jwenn chak ak tout timoun nan yon fason ki pi efikas.”

Constance Evelyn, Sipè-entandan nan Distri Lekòl Auburn nan Konte Cayuga: Madam. Evelyn te sèvi kòm sipè-entandan Lekòl yo pou distri Elaji Vil Auburn depi mwa dout 2012. Anvan li te sèvi kòm Sipè-entandan li te genyen yon varyete pozisyon lidèchip nan lekòl nan pati Nò yo enkli Distri Lekòl Vil Ithaca, Vil Lekòl Oswego, Vil Lekòl Rome, ak Distri Lekòl Santral Bedford.

Madam. Evelyn te deklare, “Gen yon gwo diferans ant yon salklas ekipe avèk teknoloji avanse, ajou ak youn ki pa ekipe. Kòm nap prepare elèv nou yo pou konpetisyon ak jwenn travay nan yon ekonomi ki akòde yon gwo valè sou teknik alfabetizasyon, li gen yon enpòtan kapital ke timoun nou yo gen aksè a salklas kote yo ka devlope konpetans sa yo. Mwen kontan pou m travay nan panèl sa e map travay ansanm avèk Gouvènè a ak ekip sa a pou adopte kòrèkteman inisyativ sou lekòl entelijan yo ak modènize salklas yo nan eta nou an.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole